


Rêv ak reyalite

Lè m dòmi,
m reve
le monn pa gen fwontyè
tout kote se moun ki renmen.
Lè m dòmi
m wè ble,
lanmè kouvri m
san m pa noie,
epi m wè w,
ou devan
ou di: se kè k louvri chemen
e tout moun pran suiv ou.
Lè m reve,
reyalite a klè nan tèt mwen,
dòmi pa janm twonpe m.



Rêve et réalité

quand je dors,
je rêve
que le monde n'a pas de frontières
partout, ce sont des gens qui s'aiment
quand je dors,
je vois du bleu,
la mer me recouvre
sans que je me noie,
et puis je te vois
tu es devant
tu dis : c'est le cœur qui ouvre le chemin
et tout le monde le prend pour te suivre.
quand je me lève,
la réalité est claire dans ma tête,
dormir ne m'a jamais trompé.

